

Deklarasyon Dwa Konsomatè pou Machin Dezyèm Men

Lè w ap achte yon machin dezyèm men se ka youn nan pi gwo angajman finansye ou pran. Dilè machin dezyèm men genyen kòm obligasyon pou yo afiche *Deklarasyon Dwa Konsomatè pou Machin Dezyèm Men* sa a epi yo dwe ba w yon kopi **anvan** ou siyen yon kontra lavant. Yo gen obligasyon pou ba w *Deklarasyon Dwa Konsomatè* yo nan lang ou te negosye kontra a si yon vèsyon ki tradui disponib sou sitwèb Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) nan **nyc.gov/dcwp**. Pran tan pou w li e pou w konprann *Deklarasyon Dwa Konsomatè* yo anvan menm ou siyen pou fè konnen ke ou resevwa li.

Dwa w yo

- 1 Se dwa w pou w achte yon machin nan pri yo te mete nan piblisite a.**
Dilè machin dezyèm men yo fèt pou yo afiche pri yo sou machin yo. Yon dilè machin dezyèm men paka vann ou yon machin pou yon pri ki plis pase pri yo te mete nan piblisite a, pri yo te pwopoze a, oswa pri ki afiche sou machin lan. Dilèchip la paka monte pri machin lan poutèt ou pa finanse machin lan lakay li.
- 2 Se dwa w pou w konnen detay sou kontra finansman w lan anvan ou siyen nenpòt dokiman.**
- 3 Se dwa w pou w refize finansman oswa yon prè yon dilè machin dezyèm men ap ofri.**
Ou kapab peye ak lajan kach oswa chèche finansman nan men yon lòt kreyansye.
- 4 Se dwa w pou ou jwenn enfòmasyon ekri sou kondisyon enpòtan kontra finansman w lan.**
Lalwa federal egzije pou ou jwenn enfòmasyon ekri sou kondisyon tankou to pousantaj anyèl (APR) ou, montan lajan ou dakò pou w finanse, ak montan total ou pral gen pou peye pou satisfè kondisyon kontra finansman an okonplè.

Dapre lalwa NYC, dilèchip la oblije fè w konnen pi piti APR nenpòt konpayi finansman ofri pou yon prè avèk menm kondisyon yo, kantite peman yo, kolateral, ak montan depo a. Dilèchip la dwe fè w konnen tou nenpòt frè dilè a pral faktire w pou finansman. Yo dwe ba w enfòmasyon sa yo nan lang ou te negosye kontra a, depi DCWP rann enfòmasyon sa yo disponib nan lang sa a.

- 5 Se dwa w pou resevwa Gid Achtè Komisyon Komès Federal (Federal Trade Commission, FTC) a pou nenpòt machin dezyèm men epi, lè li nesèsè, yon garanti ekri Lwa Anti-sitwon Eta Nouyòk (New York State Lemon Law).**

Gid Achtè a bay enfòmasyon enpòtan sou machin nan ak garanti a epi se pou yo afiche li sou chak machin.

Dapre Lwa Anti-sitwon Eta Nouyòk la, dilè machin dezyèm men yo dwe bay garanti ekri sou machin dezyèm men ki sèvi prensipalman pou itilizasyon pèsònèl oswa famiyal, ki koute plis pase \$1,500, epi ki genyen mwens pase 100,000 mil. Garanti a kouvri motè a, transmisyon, aks motè, fren, radyatè, volan, ak altènate. Piga w janm achte yon machin "jan I vini an (as is)."

Li toude Gid Achtè a ak garanti yo avèk atansyon anvan w achte.

- 6 Se dwa w pou w refize akseswa adisyonèl yo.**
Dilèchip la pa gen dwa egzije w achte okenn akseswa adisyonèl kòm yon kondisyon pou achte oswa finanse yon machin nan yon pri y ap ofri.
- 7 Se dwa w pou yo ba w pri chak akseswa adisyonèl alekri.**
Dilè a gen obligasyon pou l ba w, alekri, pri detaye chak pwodwi adisyonèl ak/oswa sèvis, tankou montan pa mwa ak montan total finansman avèk epi san chak pwodwi ak/oswa sèvis.
- 8 Se dwa w pou yo ofri w yon opsyon pou anilasyon.**
Dilè yo dwe ofri w yon opsyon pou anilasyon kontra, ki pèmèt ou anile kontra a sou de (2) jou ouvrab. Opsyon sa a ba w tan pou w revwa kontra a ak nenpòt akò finansman andeyò dilèchip la. Ou p ap kapab ale lakay ou ak machin lan, men si ou ap fè echanj yon machin epi ou peye frè apwopriye yo, y ap pèmèt ou itilize machin w ap echanje a pandan peryòd anilasyon an. Yo gen obligasyon pou yo ba w opsyon pou anilasyon kontra a nan lang ou te negosye kontra a. W ap jwenn plis enfòmasyon sou opsyon pou anilasyon kontra a nan **nyc.gov/dcwp**.

[Kontinyasyon >](#)

9

Se dwa w pou yo pa fè okenn diskriminasyon kont ou menm lè w ap aplike pou jwenn kredi.

Diskriminasyon nan kredi ki baze sou ras, koulè, relijyon, orijin nasyonal, sèks, eta sivil, laj, oswa itilizasyon asistans piblik ilegal dapre lalwa federal.

10

Se dwa w pou w soumèt yon plent.

Ou ka soumèt yon plent kont yon dilè machin dezyèm men, kèlkeswa kondisyon w antanke imigran. Dilè machin dezyèm men dwe genyen yon lisans Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (DCWP) bay pou yo ka fonksyone. Ou kapab **rele 311** pou yo transfere w nan DCWP pou w verifye kondisyon lisans yon dilèchip avèk istorik plent sou li. Si ou panse yon dilè machin dezyèm men vyole dwa w yo oswa yo pran avantaj sou ou, ou ka soumèt yon plent nan **nyc.gov/dcwp** oswa **kontakte 311** (212-NEW-YORK andeyò NYC).

Inisyal oswa Siyati Konsomatè a
